

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan téh hiji cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan udagan anu tangtu. Ku kituna hal anu kudu diéstokeun nyaéta léngkah-léngkah anu dumasar kana ugeran ilmiah, data anu dipaluruh atawa dicangking, udagan jeung mangpaat tina éta cara-cara meunangkeun data (Sidiq & Choiri, 2019). Lantaran hasil tina ieu panalungtikan ngan saukur maluruh kahanan tina sumber data sarta henteu merelukeun ayana data statistik maka ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif.


Panalungtikan déskriptif téh nyaéta panalungtikan anu tujulna pikeun niténan hiji sasmita (gejala), fakta-fakta atawa kajadian kalawan sistimatis ngeunaan sipat populasi atawa wewengkon anu tangtu (Hardani et al., 2020).

3.1. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan téh rarancang panalungtikan ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan bari tuhu kana étika, sumber daya anu ngarojong panalungtikan katut bangbaluh dina panalungtikan. Desain panalungtikan pohara pentingna alatan jadi cukang keur panalungtik nalika narjamahkeun hipotésis konsép anu abstrak jadi hipotésis operasional anu puguh jeung siap uji (Husna & Suryana, 2017).

Luyu jeung ciri-ciri anu nyampak dina panalungtikan déskriptif maka léngkah-léngkah panalungtikanana nyaéta ngarumuskeun masalah, nangtukeun informasi anu hayang dipaluruh, nangtukeun padika ngumpulkeun data, nangtukeun padika ngolah data jeung nyieun kacindekan tina éta panalungtikan.

Gurat badagna tina léngkah-léngkah panalungtikan téh bisa dititénan dina bagan di handap.



Bagan 3.1.
Desain Panalungtikan

3.2. Sumber Data Panalungtikan

Data nyaéta fakta émpirik anu dikumpulkeun ku panalungtik kalawan nyungsi udagan matotoskeun pasualan, asalna bisa ti mana waé sapanjang dikumpulkeunana dina waktu panalungtikan maké téhnik anu tangtu (Siyoto & Sodik, 2015). Ieu di handap sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj*.

3.2.1. Déskripsi Naskah

Naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* téh hiji naskah anu eusina taréh sajarah (carita riwayat) Kangjeng Nabi Muhammad *shollallohu 'alaihi wasallam* anu ditulis dina wangun puisi kalawan warna pupujian. Pangna dijudulan *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* téh lantaran eusina aya dua nadom (rumpaka

pupujian), anu hiji nyaritakeun riwayat jumenengna Kangjeng Nabi jeung anu hiji deui nyaritakeun lalampahan Kangjeng Nabi nu disebut *Isro Mi'roj*. Dina ieu naskah aya tilu bab ngawengku *Nadom Mawalidi (Gusti Urang Sarérea)*, *Nadom Mi'raj (Nadom Isro Mi'raj)*, jeung aya tambahan nyaéta *Solawat Badriyah* anu ditulis dina dua basa (Sunda jeung Arab).

Ieu pupujian téh jembar pisan sumebarna di masarakat hususna lingkungan pasantrén tradisional jeung majelis ta'lim. Lantaran sumebarna sacara lisan, ngabalukarkeun kapanggih sabagian tina eusi pupujian anu béda kekecapanana. Niténan kana éta kasus, téks pupujian anu ditalungtik dianggap minangka téks asli lantaran sumberna tina naskah nu citakan sarta dijual di toko kitab pasantrén.

Naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* ditulis dina aksara Pégon maké basa Sunda sarta dicitak ku Toko Cairo Tasikmalaya. Ieu naskah dina prosés nyusunna anu mimiti ditulis heula sacara manual maké kalam tuluy dipindo-citak maké sistim *cetak-batu* (litograf). Bahan naskah tina keretas burem anu kandelna 32 kaca. Anapon sampulna maké kertas manila warna kayas.

3.2.2. Idéntitas Naskah

Ieu di handap mangrupa gambaran umum tina naskah pupujian anu jadi sumber data dina panalungtikan.

- | | | |
|----|-------------------|---------------------------------------|
| 1) | Judul Naskah | : <i>Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj</i> |
| 2) | Nu Ngarang Naskah | : henteu kapaluruh dina naskah |
| 3) | Nu Nyalin Naskah | : henteu kapaluruh dina naskah |
| 4) | Nu Boga Naskah | : milik pribadi |
| 5) | Asal-Usul Naskah | : meuli |
| 6) | Fungsi Naskah | : arsip |
| a) | Baheula | |

Baheula ieu naskah sok dipaké bacaan pikeun barudak anu keur ngaji bari ngapalkeun riwayat Kangjeng Nabi Muhammad *shollallohu 'alaihi wasallam* ku cara ngahaleuangkeun pupujian. Dina waktu-waktu anu tangtu, ieu pupujian dipidangkeun. Saupama dina acara Muludan, pupujian anu dihaleuangkeun nyaéta bagian *Nadhom Mawalidi* sanajan henteu nepi ka tamat. Dina acara Rajaban, pupujian anu dihaleuangkeun nyaéta *Nadhom Mi'raj* anu dihaleuangkeun bari dideres eusina ku guru ngaji.

- b) Ayeuna
Ayeuna mah naskah téh ngan saukur jadi arsip panalungtik. Sangkan bisa manjang mangpaatna, ieu naskah dijadikeun sumber data panalungtikan.

3.2.3. Waruga Naskah

- 1) Ukuran Naskah : 15x21,2 séntiméter
- 2) Rohangan Tulis : 12,5x18.5 séntiméter
- 3) Kaayaan Naskah : Sacara umum kaayaan naskah alus kénéh, ngan sisi-sisina aya urut tulisan maké patlot jeung dina lambar kadua (kaca 3 jeung kaca 4) soék.
- 4) Jumlah Kaca : 32 kaca
- 5) Jumlah Baris dina Unggal Kaca : 18 jajar, iwal ti kaca 31 aya 20 jajar jeung kaca 32 aya 30 jajar.
- 6) Basa : Sunda, iwal ti kaca 31 maké basa Arab.
- 7) Aksara : Pégon
- 8) Ukuran Aksara :
- a) Gedé (ungkara basmalah) jangkungna 1,5 séntiméter.
- b) Sedeng (eusi naskah) jangkungna 1 séntiméter.
- c) Leutik (eusi naskah dina kaca 32) jangkungna 0,5 séntiméter.
- 9) Alat Tulis
 - a) Jinis alat tulis : kalam
 - b) Tapak alat tulis : teu aya
 - c) Rubrik : teu aya
 - d) Warna mangsi : hideung
- 10) Keretas
 - a) Jinis keretas jeung warna : kertas burem (rada konéng) jeung kertas manila (kayas)
 - b) Kaayaan tulisan : atra kabaca
 - c) Cap keretas (watermark) : teu aya
- 11) Paginasi (penomoranan halaman) : aya, maké angka Arab (١, ٢, ٣, jst.)

- 12) Wangun Karangan : puisi

3.3. Ngumpulkeun Data

Sabada manggihan informasi anu geus dipaluruh sarta data anu dipikabutuh, léngkah panalungtikan anu satuluyna nyaéta ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data aya cara-cara anu digunakeun saperti instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data.

3.3.1. Instrumén Panalungtikan

Aya dua instrumén panalungtikan anu digunakeun, nya éta pedoman ngararat naskah. Idéntitas naskah sacara umum ditétélakeun dina padoman saperti anu aya dina gambar di handap.

a. Idéntitas Naskah	
1. Judul Naskah	
a. Dina Naskah	:
b. Nu Boga Naskah	:
2. Nu Ngarang Naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
3. Nu Nyalin Naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
4. Nu Boga Naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
5. Asal-Usul Naskah	: (warisan, titipan, nginjeum, meuli, paméré, ...)

6. Fungsi Naskah	:	(banda pusaka, karamat, dianggap sakral/ritual, dokumén/arsip, ...)
a. Baheula	:	
b. Ayeuna	:	
b. Waruga Naskah		
1. Ukuran Naskah	:	
2. Rohangan Nulis	:	
3. Kaayaan Naskah	:	
4. Jumlah Kaca	:	
5. Jumlah Baris dina Unggal Kaca	:	
6. Basa	:	
7. Aksara	:	
8. Ukuran Aksara	:	
9. Alat Tulis		
a. Jinis Alat Tulis	:	
b. Tapak Alat Tulis	:	
c. Rubrik	:	
d. Warna Mangsi	:	
10. Keretas		
a. Jinis Keretas	:	
b. Warna Keretas	:	
c. Kaayaan Tulisan	:	
d. Cap Keretas (Watermark)	:	
11. Paginasi (Penomorán Halaman)	:	
12. Wangun Karangan	:	
c. Nu Ngumpulkeun/Invéntarisir Naskah:		
d. Waktu Panalungtikan	:	

Gambar 3.1.

Padoman Ngararat Naskah

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh ngagnakeun kartu data. Sakumna data morfém bébas jeung morfém kauger dina

naskah pupujian *Nadhomul Mawalidi wal Mi'raj* disalin kana kartu data tuluy dibéré idéntitas. Anapon format kartu datana bisa diténan dina gambar di handap.

No. Urut	:
Kode Data (Lokasi)	:
Kecap	:
a. Aksara Pégon	:
b. Aksara Latén	:
Wangun Éjahan	:

Gambar 3.2.
Kartu Data

Katerangan:

Kode Data (Lokasi)	:	(NMM/NM/KC/PD/PDL)
NMM	:	NADHOMUL MAWALIDI WAL MI'RAJ
NM	:	NADHOM MAWALIDI
KC	:	Kaca (1, 2, 3, jst.)
PD	:	Pada (1, 2, 3, jst.)
PDL	:	Padalisan (1, 2, 3, atawa 4)

Sangkan leuwih ringkes dina ngumpulkeun kartu data, hasilna bisa ditabélkeun kieu.

Tabél 3.1.
Conto Hasil Analisis tina Kartu Data

No.	No. Data	Pégon	Latén	Wangun Éjahan	Kode Data (Lokasi)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1.	0001	گُستِي	Gusti	Kecap asal (Gusti)	NMM/NM/1/1/1

Hasil analisis tina kartu data anu leuwih lengkepna bisa diténan dina lampiran 4.

3.3.2. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta dokuméntasi jeung studi pustaka atawa studi literatur. Ieu di handap mangrupa wincikanana.

a. Dokumentasi

Téhnik munggaran dina ieu panalungtikan nyaéta dokumentasi. Dokumentasi téh ngumpulkeun data ku cara nyutat deui tina data-data anu geus nyampak (Hardani et al., 2020). Dokumén anu dijadikeun bahan panalungtikan nyaéta naskah anu geus dipibanda ku panalungtik. Data anu aya tina naskah tuluy diolah sangkan ngahasilkeun data anu dipibutuh nyaéta struktur éjahan basa Sunda dina aksara Pégon.

b. Studi Pustaka

Téhnik kadua anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Studi pustaka atawa studi literatur nyaéta téhnik anu dipaké dina ngumpulkeun data ku cara ngulik atawa ngabaladah hiji tiori atawa pamanggih ahli tina sababaraha sumber tinulis kayaning jurnal, buku, dokumén (boh anu citak boh anu éléktronik), atawa sumber-sumber data séjén anu ngarojong panalungtikan (Supriyadi, 2016). Ieu téhnik dipilih lantaran sumber data panalungtikan geus dipibanda ku panalungtik sarta sipatna statis, ngandelkeun tina sumber anu aya nyaéta naskah.

Udaganana ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka téh pikeun maluruh tiori-tiori anu geus aya saméméhna patali jeung masalah anu keur ditalungtik. Lian ti éta bisa jadi bahan konfirmasi jeung babandingan antara hasil panalungtikan jeung tiori anu geus aya.

3.4. Analisis Data

Sabada data dikumpulkeun sarta kapanggih perkara anu rék ditalungtik, tuluy aya léngkah-léngkah pikeun analisis data. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina raraga analisis (ngolah) data nyaéta

- a. ngaruntuykeun hasil data tina kartu data;
- b. nyieun papasingan data dumasar kana ugeran éjahanana;
- c. ngawincik hasil data éjahan dumasar kana pola éjahanana;
- d. napsirkeun eusi; jeung
- e. nyieun kacindekan tina hasil analisis data.